



FLORIDA DEPARTMENT OF
EDUCATION
fldoe.org



Vin yon Kliyan VR

Re-adaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki gen andikap yo jwenn yon travay ki enteresan.

Si ou se moun ki gen andikap ki ap chèche jwenn, kenbe oswa pwogrese nan yon karyè, Re-adaptasyon Pwofesyonèl la (VR) kapab ede ou. VR se yon divizyon nan Depatman Edikasyon Florida a, misyon li se ede moun ki gen andikap, ki gen 14 lane epi ki pi gran yo, jwenn yon travay konpetitif epi ki entregre.

Kiyès ki kalifye pou sèvis VR yo?

Se yon Konseye VR ki detèmine kalifikasyon an sou baz endividyèl. Pou ou kalifye pou sèvis VR yo, ou dwe gen yon andikap fizik ak/ oswa mantal ki se yon gwo obstak ki anpeche ou jwenn travay, epi ou bezwen sèvis VR yo pou jwenn, kenbe oswa pwogrese nan yon travay oswa yon karyè. Si ou benefisye Social Security Disability Insurance (Asirans Andikap Sekirite Sosyal, SSDI) oswa Supplemental Security Income (Reveni Sekirite Konplemantè, SSI) pou andikap ou a epi ou konte vin yon anplwaye, ou ta sipoze kalifye pou sèvis VR.

**VÈSYONAN
KARAKTÈ KI
GWO**

Ki kalite sèvis VR kapab bay?

- Teknoloji ak Aparèy Èd
- Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl
- Ankadreman ak Plasman nan Travay
- Evalyasyon Espas Travay ak Lojman
- Evalyasyon Medikal ak Sikolojik
- Fòmasyon nan Espas Travay
- Sèvis Tranzisyon Avan Travay
- Sèvis Travay Asiste ak Pèsonalize
- Tretman Medikal ak/oswa Sikolojik ki Limite nan Tan
- Fòmasyon ak Ansèyman Aprè Lekòl Segondè
- Evalyasyon ak Planifikasyon Pwofesyonèl

Konbyen sa koute pou yon moun patisipe?

Konseye VR yo pale sou patisipasyon finansyè avèk kliyan yo pandan premye vizit yo a. Gen anpil sèvis VR ki gratis, men gen kèk sèvis ki mande pou patisipan an patisipe nan kèk depans pou sèvis la.

Kijan mwen kapab aplike?

Kontakte biwo VR lokal ou a pou soumèt yon fòm oryantasyon. Ou kapab jwenn biwo lokal ou a nan RehabWorks.org.

Etap nan Pwosesis Re-adaptasyon an

Oryantasyon nan VR

Nenpòt moun—ou ladan tou, kapab oryante ou pou sèvis VR yo! Yonfwa ou fin ranpli yon fòm oryantasyon pou sèvis yo, VR ap kontakte ou.

Aplikasyon pou sèvis VR yo

Yonfwa ou fin deside VR bon pou ou, manm pèsonèl VR yo ap ede ou ranpli yon aplikasyon pou sèvis yo.

Desizyon kalifikasyon

Konseye ou a ap aprann plis sou fason andikap ou a afekte kapasite ou genyen pou travay, epi li ap deside si ou ranpli kondisyon kalifikasyon yo.

Lis datant posib

VR bay èd yo priyorite selon enpòtans andikap la yon fason pou kèk kliyan ki kalifye kapab ret tann pou jwenn sèvis yo.

Patisipasyon nan sèvis yo

Aprè ou fin siyen IPE ou a, se moman pou patisipe nan sèvis ki ap prepare ou pou travay yo.

Plasman travay

Konseye VR ou a ap travay ak vandè yo pou jwenn travay ki disponib ki koresponn ak objektif ou yo epi li ap bay sipò ou bezwen pou reyisi a.

Fèmen dosye

Aprè ou fin travay pandan omwen 90 jou, ou menm ak konseye ou a ap pale sou pwochen etap yo anvan yo fèmen dosye ou a nan VR.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399
800 - 451 - 4327



www.Rehabworks.org



Depatman Edikasyon Florida
Divizyon Reyadaptasyon
Pwofesyonèl
Programas de Empleo
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.